Shayır P.Mırzabaevanıń dóretiwshilik stiline tán ózgeshelik- tek ǵana shanaraq, yaki jergilikli xalıq táshwishi, tágdiri emes, kóbinese pútkil insaniyatqa tiyisli planetalıq problemalar qosıǵına mazmun etip tańlanadı. Onıń qosıqlarındaǵı metonimiyalar da usınday mazmundı jetkerip beriw ushın kórkemlik xızmet atqaradı.

Qorqınıshlı partlaw boları anıq
Gúnalarǵa tolı **vagonda** gúlli. [2.27.]

Shayır qosıqta poezdlarǵa tirkelgen vagonlarda qural-jaraqlar júklengen bolıwı múmkinligin, bul alıs yaki jaqın jerlerde urıs otın tutandırıw ushın aparılatuǵınlıǵın táriyipleydi. Jetkerilgen qurallardan nabıt bolatuǵın náresteler, tınısh xalıq táǵdiri shayırdı qayǵıǵa saladı. Onıń ishki keshirmelerinde tasıwshılıq xızmetti atqaratuǵın bul «vagonlarda» ayıp joq, ayıp urıstı baslap júrgen ayırım topar aǵzalarında hám shayır buǵan ǵázeplenedi. Mine, usı urıs baslawshılardı shayır «vagonlar» metonimiyası menen qayta atap, oǵan tiyelgen suwıq qural-jaraqlardı gúna dep ataydı.

Ulıwmalastırıp aytqanda, lirikalıq keshirmeni beriwde sózlerdiń awıspalı mánilerinde súwretlew qosıqtıń kórkemliligin hám oqıwshı sanasınıń rawajlanıwına málim dárejede óziniń unamlı tásirin tiygizgenligine gúwa bolamız.

## Paydalanılǵan ádebiyatlar


1. К.Мәмбетов. Әжинияз. – Нөкис: 1994. – Б. 116.
2. П.Мырзабаева. Дәўир нәпеси. Қосықлар. – Нөкис: Қарақалпақстан. 1989. – Б. 4-51.
3. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I том. – Нөкис: 1982. – Б. 103.
4. https://uz.wikipedia.org/wiki/Butifos



**REZYUME.** Mazkur maqolada shoira P.Mirzaboevaning lirikasi taxlil qilinadi. Shoira ijodida kechinmalarning badiiy tasvir vositasida berilishi, oʻziga xosligi ochib beriladi. P.Mirzaboevaning she’rlaridagi lirik qahramon kechinmalari turli xil detallar asosida badiiy ifoda etiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье анализируется лирика поэтессы П.Мирзабоевой. Раскрывается своеобразие передачи переживаний через художественные образы в её творчестве. Эмоциональные состояния лирического героя в стихах П.Мирзабоевой выражаются художественно с помощью различных деталей.

**SUMMARY.** This article analyzes the lyrics of the poet P.Mirzaboeva. The unique features of how emotions are conveyed through artistic imagery in her work are revealed. The emotional experiences of the lyrical protagonist in P. Mirzaboeva’s poems are artistically expressed through various details.


# XX ÁSIR 80-JÍLLAR AQÍRÍNDA QARAQALPAQSTANDA TARIYXÍY HÁM MÁDENIY ESTELIKLERDI SAQLAW BOYÍNSHA ALÍP BARÍLǴAN JUMÍSLAR HÁM ONDAǴÍ MASHQALALAR


**L.Urazova** – *tariyx ilimleri kandidatı, docent*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so‘zlar:** madaniyat, madaniy, me’moriy yodgorliklar, arxeologik ob’ektlar, restavratsiya, tiklash ishlari, mutaxassis-restavratorlar.

**Ключевые слова:** культура, культурные, архитектурные памятники, археологические объекты, реставрация, восстановительные работы, специалисты- реставраторы.

**Key words:** culture, cultural, architectural monuments, archaeological sites, restoration, restoration work, restoration specialists.


Ózbekstan Respublikası óz ǵárezsizligin alıwı hám jáhán birlespesine teń huqıqlı subyekt sıpatında kiriwi Ózbekstannıń, sonıń ishinde Qaraqalpaqstannıń bay mádeniy tariyxına hám ótmishine qızıǵıwshılıq kúsheydi. Ózbekstan hám Qaraqalpaqstan tariyxı óziniń kóp ásirlik bay mádeniyatına iye. Bul maqalada xalıqtıń tariyxıy hám mádeniy miyrasınıń úlgisi bolǵan mádeniyat esteliklerin saqlaw boyınsha mashqalanı kórip shıǵamız. Ózbekstan xalqınıń joqarı ruwxıylıǵın támiyinleytuǵın tiykarǵı baylıǵı mıń ásirler dawamında qaliplesken onıń mádeniy - tariyxıy miyrası boladı. Elimiz óz ǵárezsizligin alıwı menen Ózbekstan, sonıń ishinde Qaraqalpaqstan xalıqlarınıń ruwxıy hám mádeniy baylıqların qayta tiklew baslı wazıypa boldı.

Ózbekstan Respublikasınıń Konstituciyasınıń 61 statyasında puqaralar Ózbekstan xalqınıń

tariyxıy, ruwxıy, mádeniy, ilimiy hám tábiyiy miyrasların saqlawǵa minnetli. Tariyxıy, ruwxıy, mádeniy, ilimiy hám tábiyiy miyraslar mámleket tárepinen qorǵaladı [1].

Mádeniy miyras obektlerin qorǵaw- bul mámlekettiń tariyxın úyreniw hám úgit násiyatlaw ǵana emes, al jas áwladta biybaha mádeniy miyrastı, milliy ózlikti húrmet etiw hám onı qádirlewge tárbiyalaw, jámiyette joqarı ruwxıylıktı bekkemlew.

Búgingi kúnde Ózbekstanda mámleketlik qorǵawǵa 2079 arxitektura estelikler hám 4308 arxeologiyalıq ob'ektler dizimge alınǵan edi [2]. Mádeniyat esteliklerin qorǵaw mámleketlik siyasat dárejesine kóterilip, Ózbekstan Respublikasınıń «Milliy miyras obektlerin qorǵaw hám paydalanıw haqqında» Nızamda bekkemlenedi [3]. Ǵárezsizlik jıllarında Ózbekstanda 1000 nan aslam mádeniy miyras obektleri qayta tiklendi. Mámleket ótmish esteliklerin saqlawda úlken ǵamqorlıq kórsetpekte. Óziniń ǵarezsizligine erisken xalıqlar ushın jámiyettiń mádeniy turmısı xalıqtıń mádeniy, ruwxıy miyrasların qayta tiklewde belgili faktor boldı. Bul dáwirdiń siyasatınıń áhmiyetli bóleginiń biri mıń jıllıq tariyxqa iye jámiyettiń mádeniy miyrasınıń dástúriy tiykarın qayta tiklew boldı.

Jetiskenlikler menen birge mádeniy turmıs tarawında kemshiliklerde boldı. Mısalı, tariyxıy esteliklerdi qorǵaw tarawında iri hám qayta tiklenbes kemshiliklerge jol qoyıldı: kópshilik rayonlarda nızamdı buzıw jaǵdayları anıqlandı, tariyxıy esteliklerge jaqın jerlerde awıl xojalıq jumıslarınıń alıp barılıwı, suwǵarıw maydanlarınıń kóbeyiwi, restavraciya jumıslarınıń qanaatlandırarsız alıp barılıwları. Respublikamızdıń Tórtkúl rayonındaǵı Bazar qala, Qoy qırılǵan qala, Adamlı qala, Beruniy rayonındaǵı Pil qala, Qiyat, Karading, Qazaqlı yatkan hám Elliqala rayonındaǵı Kavat qala, Topıraq qala, Úlken hám Kishi Guldirsin qala esteliksleriniń jaǵdayları juwaplı uyımlar qararları menen qanaatlandırarsız dep tabıldı. Bul estelikler ishinde jer astı suwlarınıń joqarǵa kóteriliwi, qorǵaw zonası qaǵıydalarınıń buzılıwı júz beredi [4]. Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministrligi májilisi bul mashqalaǵa bir neshe mártebe múrájat etip, sonıń menen birge restavraciya maydanlarınıń óndiris bazasın qáliplestiriw, maman restavrator-qánigelerdi tayarlaw mashqalası aktual máselelerdiń biri bolmaqta.

Ózbekstan Respublikasınıń «Tariyx hám mádeniyat esteliklerin qorǵaw hám paydalanıw» Nızamına góre, respublikamızda 1985 jıldıń aqırında bir qatar ilajlar ámelge asırıldı: 148 esteliklerge esap kartochkası hám pasportı dúzildi, jańa estelikler ashıldı. Kópshilik tariyxıy esteliklerdiń ashınarlı jaǵdayı Mádeniyat ministrliginiń májilisinde aytıldı. Mısalı, Qaraqalpaqstan Respublikasınıń Mádeniyat ministrliginiń Esteliklerdi qorǵaw boyınsha bólim baslıǵı N.Abdullaev tárepinen joqarıda aytılǵan biybaha esteliklerdiń jaǵdayları qanaatlandırarsız, esteliklerdiń ishinde elege shekem jer astı suwları kóterilip turǵanlıǵı, xojalıq subyektleri hám awıl xojalıq xızmetkerler qorǵaw zonalarınıń qaǵıydaların buzǵanlıǵın, hátteki rayon orayındaǵı kópshilik estelikler taslandı jaǵdayında ekenligin aytıp ótti [5]. Jobaǵa góre restavraciya hám izertlew maqsetlerine qárejetler ajıratılıp, biraq alıp barılǵan jumıslardıń sapası tómen edi. 1985-jıl restavraciya jumısısı rejesi mólsherlengen 60 mıń rubl ornına 60,3 mıń rublge orınlandı [6]. Mádeniyat Ministrligi janındaǵı Esteliklerdi qorǵaw hám paydalanıw boyınsha inspekciyası bul jumıslarda kemshilik bar ekenin aytıp ketedi: «Qubla rayonlarda ayırım esteliklerdiń buzılıwı, restavraciya jumıslarınıń óndiris bazasınıń tómenligi, maman restavrator- qánigelerdiń joqlıǵı» [7]. Restavraciya qayta tiklew jumısları menen shuǵıllanatuǵın Qaraqalpaqstan arnawlı ilimiy - restavraciya óndiris basqarması óziniń moynındaǵı minnetlemesin orınlay almay atır. Mısalı, hújjetlerde: «Restavraciya - qayta tiklew jumısları reje boyınsha orınlanıp barsa da, olardıń sapası tómen dárejede bolıp, olar Mádeniyat ministrliginiń dizimine kirmeytuǵın basqa mekeme hám shólkemlerdiń remont jumısları menen bánt» ekeni aytılıp kóretilgen [8]. Qaraqalpaqstan arnawlı Restavraciyalaw bólimi Xojeli rayonındaǵı «Madamin xan», «Shamu Nabidiń balası mavzoleyleri, Beruniy rayonındaǵı «Vali Atalıq», «Chinar baba» mavzoleylerine restavraciyalıq jumıslarına 150 mıń rubl qarjı jumsaldı, Ellikkala rayonında «Topıraq qala» qorǵanına, «Narijan baba» mavzoleyine konservaciya hám restavraciyalıq jumıslar islenip, bul ushın jıl basınan berli 601,087 manat qarjı jumsaldı. Degen menen, usı joqarıda atalıp ótken mavzoleylerge islenip atırǵan restavraciya hám konservaciyalıq jumıslarda biraz kemshiliklerge jol qoyılǵan.

Qaraqalpaqstan Arnawlı Restavraciyalaw bólimi tárepinen «Vali atalıq», «Chinar baba», «Shamu Nabidiń balası» mavzoleylerine islengen jumıslardıń kóp waqıtqa sozılıp hám sapası tárepinen anaǵurlım tómen ekenligi atap ótildi.

Tariyxıy hám mádeniy esteliklerdi qorǵaw inspekciyası 1991 jılı bir qansha jumıslar islep, Beruniy rayonındaǵı Sultan Uayıs baba

mavzoleyi, Ellikkala rayonındaǵı Narimjan baba mavzoleyi usı rayondaǵı din jámiyetine paydalanıwǵa tapsırıldı.

Qaraqalpaqstan Arnawlı ilimiy restavraciyalaw bólimi 1991 jılı 157 mıń manat muǵdarında qarjı jumsap, tómendegi ob'ektlerge restavraciya hám konservaciyalıq jumıslar isledi. Olardan Mizdakxan kompleksinde arxeologiyalıq qazılma hám konservaciyaǵa 110 mıń rubl, Madamin xan mavzoleyine 7 mıń rubl, Beruniy rayonındaǵı Vali Atalıq mavzoleyine 35 mıń rubl, Shımbay rayonındaǵı Tas bolnica arxitekturalıq esteligine 5 mıń rubl muǵdarında qarjı jumsaǵan. Degen menen bul bólim ótken jılǵı rejeni 60,2% ke ǵana orınladı. Sonıń menen birge restavraciyalıq hám konservaciyalıq jumıslar sapası jaǵınan biraz tómen dárejede boldı, - deydi Qaraqalpaqstan Respublikası ministrliginiń Kórkem óner bólimi baslıǵı Jabbarbergen Xojanov [9].

Solay etip, Qaraqalpaqstannıń XX ásir 80 shi jıllardıń aqırı mádeniy turmısın úyreniw - áhmiyetli izertlew wazıypası, sebebi usı dáwirde pútin mádeniyat hám kórkem óner tarawların qayta tiklew dáwiri bolıp, kemshilikler kórsetilgen, al bul bolsa biziń xalqımızdıń milliy mádeniyatınıń rawajlanıwı hám ruwxıy - ádep ikramlıq miyrasımızdı qayta tiklew kerekligin túsiniwge túrtki berdi.

### Paydalanılǵan ádebiyatlar


1. O'zbekiston Respublikasi Konstitutsiyasi. «O'zbekiston» Toshkent - 2023.
2. Гончарова Н., Саидумарова У. Проблемы сохранения памятников архитектуры Узбекистана. Тенденци и перспективы развития городов. 1 (1), стр. 190- 192. Извлечено от https:// inlibrary.uz/index.php/prospects-urbadevelopment/article/view/27318.
3. Ózbekstan Respublikasınıń «Milliy miyras obektlerin qorǵaw hám paydalanıw haqqında» Nızamı. 30. 08.2001.
4. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Mámleketlik Arxiv –F.173. D.47. L. 201.
5. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Mámleketlik Arxiv –F.173. D.47. L.202.
6. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Mámleketlik Arxiv –F.173. D.49. L.74.
7. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Mámleketlik Arxiv –F.173. D.45. L.159.
8. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Mámleketlik Arxiv –F.173. D.49. L.13.
9. Qaraqalpaqstan Respublikası Oraylıq Mámleketlik Arxiv – F. №M- 515, Opis №1, Ed.xr №1.



**REZYUME.** Ushbu maqolada tarixiy va madaniy meros namunalari bo'lgan Qoraqalpog'istonning duch keladigan muammolari ko'rib chiqiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматривается реставрационные- восстановительные работы и проблемы по охране исторических и культурных памятников Каракалпакстана, являющимися образцами исторического и культурного наследия.

**SUMMARY.** This article discusses restoration and restoration work and problems related to the protection of historical and cultural monuments of Karakalpakstan, which are examples of historical and cultural heritage.


## QARAQALPAQSTAN TELERADIOESITTIRIW TARMAǴÍNDAǴÍ ÓZGERISLER HÁM JAŃALANÍWLAR


**A.K.Utepbergenova** - *tariyx ilimleri boyınsha filosofiya doktori (PhD), úlken oqıtıwshı*
*Ózbekstam mámleketlik kórken óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*



**Tayanch so'zlar:** televideniye, ommaviy axborot, muharrir, rejissyor, rejissyor yordamchisi, operator, ko'rsatuv.

**Ключевые слова:** телевидение, массовая информация, редактор, режиссер, помощник режиссера, оператор, шоу.

**Key words:** television, mass information, editor, director, assistant director, cameraman, show.


1995-jıl 1-avgustda Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Ózbekstan Respublikası telekommunikaciya sistemasın 2010-jılǵa shekem qayta qurıw hám rawajlandırıw milliy baǵdarlaması haqqında"ǵı 305-sanlı qararı, 1997-jıl 25-avgustda Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń "Ózbekstan teleradio-kompaniyası sistemasın kompleks texnikalıq qayta úskenelew haqqında"ǵı 412-sanlı qararı qabıl etiledi.

Usı qararǵa muwapıq Qaraqalpaqstanda Nókis, Moynaq, Qońırat, Shomanay, Taxtakópir